

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 1.1 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2011/2012 anu jumlahna aya 30 urang. 30 urang téh ngawengku 12 urang lalaki jeung 18 urang awéwé.

#### 3.2 Desain Panalungtikan

Dumasar kana sampurna henteuna ékspérimén, Campbel jeung Stanley dina Arikunto (2010: 123) ngébréhkeun yén desain panalungtikan ékspérimén kabagi kana dua bagian, nya éta *pre experimental design* atawa eksperimen anu can sampurna atawa nu sok disebut kuasi ékspérimén jeung *true experimental design* atawa nu disebut ékspérimén murni.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode kuasi ékspérimén.

Nurutkeun Arikunto (2010: 123) desain kuasi ékspérimén aya tilu rupa nya éta (1) *one shot study*, (2) *Pretest-postes*, jeung (3) *static group comparison*.

Dina ieu panalungtikan, desain anu digunakeun nya éta *pretest-postes*.

O1	X	O2
----	---	----

**Bagan 3.1 Pratés jeung Pascatés (kuasi éspérimén)**

Keterangan:

O1: pratés

O2: pascatés

X : *treatment* (siswa dibéré wacana komik pikeun nyaritakeun deui dina wangun tulisan karangan narasi ku cara niténan runtuyan gambar anu aya dina komik).

### 3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi ékspérimén atawa disebut oge ékspérimén semu, nya éta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalayan henteu maké kelas kontrol.

Méthode ékspérimén mangrupa hiji méthode panalungtikan anu produktif sabab digunakeun pikeun ngajawab hipotésis anu geus dirumuskeun.

### 3.4 Wangenan Operasional

Wangenan operasional ngawengku kana wangenan sacara umum ngeunaan variabel-variabel, boh variabel bébas boh variabel kauger.

#### 3.4.1 Média Komik

Média nya éta sakabéh bentuk *perantara* anu digunakeun ku manusa pikeun nepikeun atawa nyebarkeun idé, gagasan, atawa sawangan ka nu dituju (Hamidjojo, dina Arsyad 2011: 4). Sedengkeun komik nya éta bentuk kartun anu ngébréhkeun karakter jeung ngalarapkeun hiji carita dina runtuyan anu deukeut kaitanna jeung gambar sarta dirancang pikeun méré hiburan ka nu maca. (Daryanto, 2011: 117)

Nu dimaksud média komik dina ieu panalungtikan nya éta carita dongéng “Putri Anyontin” anu dijieun dina wangun komik sarta dipaké minangka média pikeun mantuan siswa dina mekarkeun idé dina nulis karangan narasi.

### 3.4.2 Pangajaran Nulis Karangan Narasi

Karangan narasi nya éta karangan anu eusina ngébréhkeun kajadian anu ngaruntuy, boh nu sipatna nyata boh nu sipatna rékaan. Ku kituna, wacana narasi bisa faktual bisa ogé imajinatif. (Sudaryat dina Nasuha 2011: 31). Sedengkeun nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma, nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa tina gambaran grafik tadi. (Tarigan 2008: 22).

Anu dimaksud pangajaran nulis karangan narasi dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh siswa dina nulis karangan narasi saméméh jeung sabada ngagunakeun média komik.

Jadi maksud tina judul “Média Komik dina Pangajaran Nulis Karangan Narasi (studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2011/2012)” nya éta pangaruh positif tina média komik dina pangajaran nulis karangan narasi siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2011/2012, anu diukur ngaliwatan tés nulis karangan narasi.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Tés dilakukeun pikeun ngukur hasil diajar siswa tina matéri anu geus ditepikeun salila kagiatan pangajaran ngagunakeun média komik. Wangun tés mangrupa essay anu mangrupa uraian pikeun nitah siswa nulis karangan narasi. Tés anu dilaksanakeun nya éta dua kali tés, tés awal (pratés) jeung tés ahir (pascatés).

### 1) Tés Awal

Dina pratés atawa tés awal siswa dibéré bacaan dongéng nu judulna “Putri Anyontin” dina wangun karangan lancar. Maksudna supaya siswa meunang idé tina carita anu dibaca. Nepi ka siswa bisa ngarangkéy éta idéna dina karangan narasi deui.

#### **Tés Ngarang**

Pék baca ieu carita, tengetan eusi caritana, tuluy caritakeun deui dina wangun karangan narasi anu katangtuanna saperti di handap.

- a. Wangun karangan narasi
- b. Téma saluyu jeung eusi carita
- c. Komponén anu dipeunteun
  - Kasaluyuan eusi carita
  - Kasaluyuan runtuyan carita
  - Basa
  - Wangun gramatikal
  - Éjahan
  - Karapihan tulisan
- d. Waktu: 2x 40 menit

#### **Bagan 3.2 Format Tés Awal**

### 2) Tés Ahir

Dina pascaténs siswa dibéré carita “Putri Anyontin” dina wangun komik, tuluy siswa ditugaskeun nyieun karangan narasi dumasar kana carita nu aya dina gambar komik. Maksudna pikeun mantuan siswa mekarkeun idé nalika ngarang. Naha idé siswa bakal kabantu ku ayana média komik éta.

### **Tés Ngarang**

Pék baca ieu komik, tengetan eusi caritana, tuluy caritakeun deui dina wangun karangan narasi anu katangtuanna saperti di handap.

- e. Wangun karangan narasi
- f. Téma saluyu jeung eusi komik
- g. Komponén anu dipeunteun
  - Kasaluyuan eusi carita
  - Kasaluyuan runtuyan carita
  - Basa
  - Wangun gramatikal
  - Éjahan
  - Karapihan tulisan
- h. Waktu: 2x 40 menit

### **Bagan 3.3 Format Tés Ahir**

#### **3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ku cara tés.

Tés dilakukeun pikeun meunangkeun data hasil nulis karangan siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média komik. Panalungtik ngalakukeun dua kali tés, nya éta pratés jeung pascaté. Pratés dilakukeun saméméh ngagunakeun media komik. Sedengkeun pascaté dilakukeun sanggeus ngagunakeun média komik.

### 3.7 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun diolah pikeun néangan jawaban-jawaban anu jadi masalah dina ieu panalungtikan. Data anu utama dina ieu panalungtikan nya éta data hasil pratés jeung pascaténs siswa.

Data tina hasil panalungtikan anu diolah ditujukeun pikeun mikanyaho hal-hal ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2011/2012 dina nulis karangan narasi saméméh ngagunakeun média komik?
- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2011/2012 dina nulis karangan narasi sabada ngagunakeun média komik?
- 3) Naha média komik éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2011/2012?

Pikeun maluruh tujuan di luhur, dina ieu panalungtikan baris ngagunakeun léngkah-léngkah nganalisis data saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa karangan siswa hasil pratés jeung pascaténs
- 2) Méré peunteun karangan siswa ngagunakeun pedoman meunteun saperti dina tabél 3.2.

Dumasar kana éta pedoman, skor maksimal karangan siswa nya éta 100. Skor anu kahontal ku siswa sakaligus mangrupa peunteun siswa.

Sangkan leuwih écés skor siswa ditabulasikeun dina tabél ieu di handap.

**Tabél 3.1**  
**Peunteun Tés Karangan Narasi Siswa**

No.	KS	A	B	C	D	E	$\Sigma$	P	Katégori

Katerangan:

KS = Kode siswa

A = Eusi

B = Organisasi

C = Kandaga Kecap

D = Basa

E = Panulisan

$\Sigma$  = Jumlah skor

P = Peunteun

Katégori:

peunteun  $\geq$  70 siswa dianggap mampu nulis karangan narasi.

peunteun  $\leq$  70 siswa dianggap can mampu nulis karangan narasi.

**Tabél 3.2**  
**Profil Kemampuan Nulis**

Rincian Kemampuan Nulis	Skor	Tingkat	Patokan
Eusi	30-27	Hadé Pisan	Maham pisan, lega jeung lengkep pisan, rinci pisan, sarta saluyu pisan jeung judul
	26-22	Hadé	Maham, lega jeung lengkep, saluyu jeung judul, sanajan kurang rinci.
	21-17	Sedeng	Maham tapi kawatesanan, kurang lengkep, kurang rinci.
	16-13	Kurang	Teu maham kana eusi, teu keuna, teu cukup pikeun diniley.
Organisasi	20-18	Hadé Pisan	Teratur jeung rapih pisan, jelas pisan, leubeut ku idé jeung gagasan, urutan logis pisan, kohesi alus pisan.
	17-14	Hadé	Teratur jeung rapih, jelas, gagasan loba, urutan logis, kohési alus.
	13-10	Sedeng	Kurang teratur jeung kurang rapih, kurang jelas, kurang gagasan, urutan kurang logis, kohési kurang.
	9-7	Kurang	Teu teratur, Teu jelas, miskin gagasan,



			urutan teu logis, teu aya kohési, henteu cukup pikeun diniléy.
Kandaga Kecap	20-18	Hadé Pisan	Lega pisan, pamakéan kecap éféktif pisan, ngawasa pisan kana <i>pembentukan kata</i> , pamilihan kecap merenah pisan.
	17-14	Hadé	Lega, pamakéan kecap éféktif, ngawasa kana <i>pembentukan kata</i> , pamilihan kecap merenah.
	13-10	Sedeng	Kawatesanan, kurang éféktif, kurang ngawasa kana <i>pembentukan kata</i> , pamilihan kecap kurang merenah.
	9-7	Kurang	Saperti tarjamahan, henteu maham <i>pembentukan kata</i> , henteu ngawasa kekecapan, henteu cukup pikeun diniléy.
Basa	25-22	Hadé Pisan	Ngawasa pisan kana tata basa, kasalahan dina pamakéan jeung panyusunan kalimah jeung kekecepan saeutik pisan.
	21-18	Hadé	Pamakéan jeung panyusunan kalimah anu basajan, kasalahan saeutik sarta teu <i>mengaburkan makna</i> .
	17-11	Sedeng	Teu pati bisa maké jeung nyusun kalimah anu basajan, kasalahan tatabasa anu bisa <i>mengaburkan makna</i> .
	10-5	Kurang	Teu ngawasa kana pamakéan jeung panyusunan kalimah, teu komunikatif, sarta teu cukup pikeun diniléy.
Panulisan	5	Hadé Pisan	Ngawasa pisan kana kaédah panulisan kecap jeung éjahan.
	4	Hadé	Ngawasa kana kaédah panulisan kecap jeung éjahan, saeutik kasalahan.
	3	Sedeng	Kurang ngawasa kana kaédah panulisan kecap jeung éjahan, loba kasalahan.
	2	Kurang	Henteu ngawasa kana kaédah panulisan kecap jeung éjahan, tulisan hésé dbaca, henteu cukup pikeun diniléy.
Jumlah Skor Peunteun akhir	100		

(Djiwandono, 1996:130)



### 3.7.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas. Uji normalitas dilakukeun pikeun nangtukeun distribusi data, normal atawa teu normal. Pikeun nangtukeun signifikansi béda nilai rata-rata dilakukeun dua jenis analisis. Data anu miboga distribusi normal diolah ku cara analisis parametrik kalawan ngagunakeun t-tés. Sabalikna data anu teu normal distribusina diolah ngagunakeun analisis non-paramétrik kalawan ngagunakeun *Uji Wilcoxon*. Anu kadua, uji homogénitas variansi nu tujuanana pikeun nangtukeun homogénitas data nilai siswa.

#### 3.7.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga tujuan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa miboga distribusi anu normal, pikeun nangtukeun yén éta data téh miboga sipat anu normal atawa henteu bisa ngagunakeun rumus chi kuadrat ( $X^2$ )

Pikeun nguji normalitas peunteun, aya sababaraha léngkah nu kudu dilaksanakeun, saperti anu ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Nyieun tabél frékuénsi peunteun.

**Tabél 3.3**  
**Frékuénsi Peunteun**

No	Skor (X)	F	f.X	$x=(X-\bar{x})$	f.x	f. x <sup>2</sup>

- 2) Ngitung rata-rata (mean) peunteun pretés.

$$\bar{x} = \frac{\sum f \cdot x}{N}$$

Keterangan:

$\bar{x}$  = rata-rata (mean)

f = frékuénsi

N = lobana data

- 3) Ngitung Standar Deviasi.

$$SD = \sqrt{\frac{N \sum (f \cdot x^2) - (\sum f \cdot x)^2}{N(N-1)}}$$

- 4) Nyieun tabél frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspektasi.

**Tabél 3.4**  
**Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspektasi**

Kelas Interval	O <sub>i</sub>	B <sub>k</sub>	Z	Z (tabél)	L	E <sub>i</sub>	$\chi^2$

- a. Nangtukeun jumlah kelas.

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

- b. Ngitung rentang (r) ngagunakeun ieu rumus di handap.

$$r = \text{skor panggedéna} - \text{skor pangleutikna}$$

- c. Ngitung panjang kelas (p).

$$p = \frac{r}{k}$$

- d. Ngitung nilai tengah antara interval handap jeung luhur (bk).

e. Ngitung Z

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{SD}$$

f. Nangtukeun legana unggal kelas interval (L).

$$L = Z_s - Z_{\text{tabel}}$$

g. Ngitung frekuensi observasi ( $o_i$ ).

h. Ngitung frékuénsi ékspéktasi ( $E_i$ ).

$$E_i = n \times L$$

i. Nangtukeun Chi Kuarat.

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

5) Nangtukeun drajat kebebasan (db).

$$db = k - 3$$

6) Nangtukeun Chi Kuadrat tina daftar.

7) Nangtukeun normalitas.

1.  $X^2_{itung} < X^2_{tabel}$ , hartina distribusi data normal.

2.  $X^2_{itung} > X^2_{tabel}$ , hartina distribusi data teu normal.

### 3.7.1.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas miboga tujuan nya éta pikeun mikanyaho homogén henteuna sampel tina populasi anu sarua.

Pikeun nangtukeun homogénitas, léngkahna saperti ieu di handap.

1) Ngitung variasi masing-masing kelompok.

a. Variasi pratés ( $S_1^2$ )

$$S_1^2 = \frac{n \sum f \cdot x^2 - (\sum f \cdot x)^2}{n(n-1)}$$

b. Variasi pascatés ( $S_2^2$ )

$$S_2^2 = \frac{n \sum f \cdot x^2 - (\sum f \cdot x)^2}{n(n-1)}$$

2) Ngitung harga variasi (F).

$$F = \frac{S^2_b}{S^2_k}$$

3) Ngitung darajat kabébasan (db).

$$db = n - 1$$

4) Nangtukeun F tabél.

Nilai F tabél kalayan ngagunakeun taraf kapercayaan 99%.

5) Uji homogénitas, nangtukeun homogén henteuna data ngagunakeun kritéria ieu di handap.

$F_{itung} < F_{tabél}$ , hartina variasi sampel homogen.

$F_{itung} > F_{tabél}$ , hartina variasi sampel teu homogen.

### 3.7.2 Uji Gain

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara pratés jeung pascatés. Tina hasil uji gain, bisa dimeunangkeun gambaran ngeunaan pangaruh digunakeunana média komik dina pangajaran nulis karangan narasi kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung taun ajaran 2011/2012. Rumusan pikeun ngajawab yén aya béda anu signifikan atawa henteu sanggeus dibéré perlakuan, dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1)  $H_a$  :  $\bar{X}_{tes\ awal} \neq \bar{X}_{tes\ ahir}$ , hartina aya béda anu signifikan antara jumlah rata-rata pratés jeung jumlah rata-rata pascaté.
- 2)  $H_o$  :  $\bar{X}_{tes\ awal} = \bar{X}_{tes\ ahir}$ , hartina henteu aya béda anu signifikan antara jumlah rata-rata pratés jeung rata-rata pascaté.

**Tabel 3.5**  
**Uji Gain (d) Tingkat Kamampuh Nulis Karangan Narasi**

No.	Kode siswa	$X_{A1}$ Peunteun tes awal	$X_{B1}$ Peunteun tes ahir	d	d <sup>2</sup>

### 3.7.3 Uji Hipotesis

Pikeun nangtukeun uji hipotesis aya dua cara. Kahiji, saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun yen éta data téh miboga distribusi data anu normal, éta data téh dina nguji hipotesisna nggunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun uji t-tés. Kadua, saupama data hasil uji normalitas téh nuduhkeun yén data téh miboga distribusi data anu teu normal, éta data téh dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistik nonparamétris kalawan ngagunakeun *Uji Wilcoxon*.

#### 1) Statistik Paramétris

Statistik paramétris digunakeun pikeun nguji hipotesis anu distribusi datana normal. Léngkah-léngkahna nya éta saperti ieu di handap.

- a. Nangtukeun rata-rata (mean) tina béda prater jeung pascaté kalawan ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

- b. Ngitung darajat kabebasan (db) kalawan rumus.

$$db = n - 1$$

- c. Ngitung jumlah kuadrat deviasi.

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

- d. Ngitung t kalawan rumus

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

- e. Ditarima henteuna hipotésis ngagunakeun kritéria ieu di handap.

- a) Lamun  $t_{itung} > t_{tabel}$ , hartina hipotésis ditarima, yen média komik téh efektif dina ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung.
- b) Lamun  $t_{itung} < t_{tabel}$ , hartina hipotesis ditarima, yen média komik téh teu efektif dina ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VII A SMP Negeri 15 Bandung.

## 2) Statistik Nonparametris

Statistik nonparametris digunakeun pikeun nguji hipotesis anu distribusi datana teu normal. Téhnik statistik anu dipaké nya éta *Uji Wilcoxon*. Nurutkeun Sudjana (1992: 250) dina Agriawan (2011:) langkah-langkah uji wilcoxon téh nya eta saperti ieu di handap.

- a. Asupkeun peunteun pratés siswa kana kolom ka-2 (XA1)

- b. Asupkeun peunteun pascaté siswa kana kolom ka-3 (XB1)
- c. Itung bédana antara pratés jeung pascaté ku cara XB1-XB1 tuluy asupkeun hasilna kana kolom ka-4
- d. Nangtukeun jenjang ku cara ngurutkeun hasil béda tina kolom ka-4 timimiti nilai béda anu pangleutikna nepi anu panggedéna.
- e. Sanggeus diurutkeun, misalna aya nilai anu sarua. Pikeun nangtukeun jenjangna, éta nilai téh dijumlahkeun tuluy dibagi dua. Nilai tina hasil ngabagi téh mangrupa hasil jenjangna.
- f. Sanggeus diurutkeun, asupkeun nilai jenjang JB kana kolom ka-5
- g. Ngsupkeun nilai jenjang anu positif kana kolom ka-6, misalna aya nilai béda anu négatif asupkeun kana kolom ka-7
- h. Ningali kana tabél harga-harga kritis uji wilcoxon, missal jumlah  $n = 23$  kalawan ngagunakeun taraf kasalahan 5%  $W_{tabel}=73$
- i. Data anu geus diitung tuluy diasupkeun kana tabél uji wilcoxon ieu di handap.

**Tabel 3.6**  
**Table Uji Wilcoxon**

No. siswa	XA1	XB1	Béda	Tanda jenjang		
			XA1-XB1	Jenjang	+	-

Keterangan:

XA1 = peunteun pretes

XB1 = peunteun postes

- j. Ditarima henteuna hipotésis



- k. dina uji wilcoxon ngagunakeun kritéria ieu di handap
- a) Lamun  $W_{itung(-)} < W_{tabel}$  dumasar taraf nyata nu ditangtukeun, hartina  $H_a$  ditarima, yén média komik boga pangaruh dina ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan narasi.
- b) Lamun  $W_{itung(-)} > W_{tabel}$  dumasar taraf nyata nu ditangtukeun, hartina  $H_a$  ditolak, yén média komik boga pangaruh dina ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan narasi.

